# ҲАЯЛ-ҚЫЗЛАР ЖЫНАЯТШЫЛЫҒЫ ҲӘМ ОНЫҢ АЛДЫН АЛЫЎ

**Шамшетова Зулхумар Кароматдин кызи**
**Бердибоев Сардор Эркабой ўғли**
*Бердак номидаги Коракалпок давлат университети Юридика факултети*

**Аннотация:***Бул мақалада Ҳаяллар ҳәм ер адамлар жынаяты хам олардың дүзилиси, хаял-қызларға тән жынаятлардың өзгешеликлери, өспирим қызлар тәрепинен исленетуғын жынаятлардың үлеси хаққында*

**Гилт сөзлер:** *хаял-қызлар, ата-ана, ер адамлар жынаятшылығы, экономикалиқ жынаятлар*

Ҳаял-қызлар жынаятшылығы өзине тән санлық ҳәм сапалық көсеткиш белгилерине, шахсына тән болған айрықшалық белгилерге ийе улыўма жынаятшылықтың бир бөлеги есапланады.

Ҳаяллар ҳәм ер адамлар жынаяты өзиниң дүзилиси, сондай-ақ, дәрежеси бойынша да парқланады, халықтың көпшилик бөлегин ҳаял-қызлар қурайды, бул белгили бир мәнисте руўхый криминоген жағдайды жумсартады, яғный улыўма жынаятшылық дәрежесинде олар тәрепинен кемирек жынаят исленеди. Ҳәзирги заман ҳаял-қызлар жынаятшылығына криминологиялық сыпатлама бериўде еркеклер ҳәм ҳаял-қызлардың агрессив минез-қулқында сезилерли парқлар бар екенлиги атап өтиўге болады. Ҳаял-қызлар еркеклерге қарағанда әдеўир кем жынаят ислейди. Узақ ўақыт даўамында еркеклер ҳәм ҳаял-қызлар жынаятшылығының қатнасы шама менен 7:1, 6:1 ди қурап келген.

Статистикалық мағлыўматлар ҳаял-қызлар жынаятшылығы дүзилисинде экономика тараўындағы, соның ишинде урлық, таўламашылық, бийзарылық, нәшебентлик затларды таярлаў ҳәм өткериў сыяқлы «улыўма» жынаятлардың салмағы әдеўир үлкенлигинен дәрек береди[1]. Ҳаял-қызлар жынаятшылығы структурасында айрықша орында олар тәрепинен исленетуғын күш ислетиў зорлық пенен исленетуғын жынаятлар турады. Бир тәрепинен қарағанда ҳаял-қызлар ҳәм күш ислетиў, зорлық бир бирине үйлеспейтуғындай көринеди. Лекин тергеў ҳәм судтың әмелияттағы материаллары буның кериси екенлигин көрсетеди. Адам өлтириў, денеге жарақат салыў сыяқлы жынаятларды ҳаял-қызлар көбинесе шаңарақлық-турмыслық жәнжеллер, жек көриў, спиртли

[1] O'zbekiston Respublikasi Prezidenti huzuridagi Davlat statistikasi agentligi https://api.stat.uz/api/v1.0/data/jinoyat-sodir-etgan-ayollar-sonining-jinoyatlar-tu?lang=uz&format=pdf

ишимликлер ишиў тийкарында ислейди, бунда көбинесе жәбирлениўшилер, тийкарынан, айыпкерлердиң омирлик жолдасы яки ойнасының виктим, провокациялық минез-қулқы жетекши роль ойнайды.

Ер адамлар жынаятшылығынан парқ етиўши ҳаял-қызлар жынаятшылығының өзгешеликлери ҳаққында төмендегилерди айтыў мүмкин[2]:

биринши өзгешелиги соннан ибарат, ҳаял-қызлар саны мәмлекеттеги еркеклерден көп (Республика халқының 50% зыят) болыўына қарамастан, ҳаял-қызлар жынаятшылығы ер адамлардың жынаятшылығына салыстырғанда бир неше мәрте кем;

екинши өзгешелиги – ҳаял-қызлар жынаятшылығында жүз берип атырған өзгерислер менен еркеклер жынаятшылығындағы өзгерислер бир түрде емес. Өзгерислер улыўма ҳәм айырым жынаят түрлери бойынша да сәйкес келмейди;

үшинши өзгешелиги – ҳаял-қызлар жынаятшылығы өз дүзилиси бойынша ер адамлар жынаятшылығын тәкирарламайды ҳәм оннан муғдар тәрепи менен ғана емес, ал сапа көрсеткишлери бойынша да парқланады. Улыўма жынаятшылыққа ҳаял-қызлар жынаятшылығы тийкарынан өзине ғана тән болған жынаят түрлерин ислеў менен үлес қосады. Бул жынаятлардың ислениўи белгили бир мәнисте базы жағдайлар, конкрет микроорталықта, белгили бир ўақытта қәлиплескен ҳаял-қызлардың минез-қулқы менен байланыслы.

Ҳаяллар тәрепинен қала ҳәм аўылда исленетуғын жынаятлардың белгили бир парқлары бар. Қалаға тән жынаятлар: урлық, алдаўшылық, саўда қағыйдаларын бузыў, өзлестириў, денеге жарақат салыў есапланса, аўылда: қадаған етилген егинлерди жетистириў көбирек ушырайды.

Ҳаял-қызларға тән өзгешеликлерден және бири – олар жынаятты тийкарынан жалғыз өзлери ислейди. Топар қурамында көбинесе урлық, кәсиби менен байланыслы жынаятларды ислейди. Тонаўшылық, басқыншылық ислеўде олар тийкарынан жәрдемши сыпатында қатнасады.

Өзбекстанда да басқа шет еллердеги сыяқлы ананың өз нәрестесин өлтириўи ҳаял-қызларға тән жынаят болып қалмақта. Бул жынаятлардың артында айыпкердиң омирлик жолдаси ямаса ойнасы турады, усы жынаятлар атап өтилген шахслардың тәсиринде яки олардың ыразылығы менен исленеди.

---

[2] Abdurasulova Q. Criminologiya. Mas'ul muharrir: M.Rustambaev / O'zbekiston Respublikasi Adliya vazirligi. – T.: "Adolat", 2007, 143 bet

Кейинги жыллары ер жетпеген жынаятшылардың улыўма санында өспирим қызлар тәрепинен исленетуғын жынаятлардың үлеси де артып бармақта. Жынысый турмыстың ерте басланыўы өспиримлер, соның ишинде қызларға да ҳәр түрли тәсир көрсетеди. Бундай минез-қулқтың қәлиплесиўи қыз балаларға, олардың шаңарақ ағзаларына әдеўир кеўилсизликлер туўдырыўы мүмкин. Оларда физиологиялық қанаатланыўға талап туўылса, қызлардың сезим-туйғыға тез берилиўшеңлиги, ерк-ықырарының ҳәлсизлиги, өзин тыя алмаўы себепли тәртипсиз жынысый байланысларға кирисиўи ҳәм оған байланыслы болған кеўилсиз ақыбетлерге, **атап айтқанда, жезөкшелик пенен** шуғылланыўына себеп болыўы мүмкин. Бул болса өз нәўбетинде түрли венерик кеселликлерди келтирип шығарыўы мүмкин.

Ата-ананың ажырасыўы ҳәм шаңарақтың бузылыўы нәтийжесинде балаларға итибар пәсейеди. Жалғыз баслы, некеде әўмети жүриспеген аналар некеде бахтыяр аналарға қарағанда өз перзентлериниң тәрбиясына аз итибар береди. Ата-ананың өз перзентинен узақласыўы, оның тәрбиясы ҳәм минез-қулқына бийпарқлығы, ата-ана менен бала арасында зәрүр эмоционал байланыслардың жоқлығы яки бундай байланыслардың ҳәлсизлениўи адамларда өзининиң социаллық ҳалаты ҳәм өзине исенимсизлик туйғысын пайда етеди. Жоқарыда атап өтилген ҳәдийселер бундай шахслардың сыртқы ҳалатлар ҳәм шәрт-шараятларға бағынышлы болыўына алып келеди. Бул ер жетпеген қызларға оғада унамсыз тәсир етеди, олар орталықтың бундай унамсыз тәсири нәтийжесинде жүдә тез деградацияласа баслайды. Олардың мәнаўий ҳәм социаллық тиклениўи еркеклердиң мәнаўий ҳәм социаллық тиклениўине қарағанда мудамы қыйын кешеди.

Улыўма алғанда, ҳаял-қызлар жынаятшылығына тәсир ететуғын унамсыз жағдайлар ретине төмендегилерди атап өтиўге болады:

1) ҳаял-қызлар жынаятшылығындағы профессионализм ҳәм шолкемлескенлик белгисиниң өсиўи;

2) улыўма ҳаял-қызлар жынаятшылығы көлеминде аўыр жынаятлардың өсиўи;

3) биринши рет жынаят ислеў жасының киширейип барыўы;

4) жынаятты өш алыў, көре алмаўшылық, қызғаныў себеплеринен ислеўи;

5) жәмийеттеги унамсыз иллетлер (алкоголизм, наркомания, жезөкшелик, тилемшилик, гезендешилик, суицид ҳ.т.б.) менен тығыз байланыслылығы.

Ҳаял-қызлар жынаятшылығының келип шығыў себеп ҳәм шәраятлары өзгешелигинен келип шығып олар тәрепинен исленетуғын жынаятлардың алдын алыў да өзине тән белгилерге ийе.

Ҳаял-қызлар жынаятшылығының алдын алыўдың эффектив шараларына төмендегилерди киргизиўге болады: а) ҳаял-қызларға жумыс ислеўи ҳәм дем алыўы ушын унамлы шәраят жаратыў; б) социаллық кепилликлерди әмелге асырыў; в) аналық ҳәм балалықты қорғаў; г) ҳаял-қызлардың жеке қол қатылмаслығын тәмийнлеў. Сондай ақ, мәскүнемлик, алкоголизм, наркомания, токсикоманияның ҳәм бузықшылық пенен шуғулланыўдың алдын алыў, оны кемейтиўге байланыслы шаралар мәмлекетлик сиясаттың концептуал тийкарларының бири болыўы керек. Ҳаял-қызлардың турмысын жақсылаў, халықты товарлар ҳәм хызметлер менен тәминлеў, шаңарақты беккемлеў ҳәм оны қоллап-қуўатлаў менен бир қатарда, шаңарақтағы мүнәсибетлер де үлкен әҳмийетке ийе. Соның ушын да биз шаңарақ ҳәм шаңарақтағы тәрбия ғалаба профилактикалық тәсир көрсетиў объектлери болыўы керек, деген пикирге толық қосыламыз.

## ФОЙДАЛАНИЛГАН АДАБИЁТЛАР РЎЙХАТИ:


1. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси URL: https://constitution.uz/uz/clause/index
2. O'zbekiston Respublikasi Prezidenti huzuridagi Davlat statistikasi agentligi https://api.stat.uz/api/v1.0/data/jinoyat-sodir-etgan-ayollar-sonining-jinoyatlar-tu?lang=uz&format=pdf
3. Abdurasulova Q. Criminologiya. Mas’ul muharrir: M.Rustambaev / O’zbekiston Respublikasi Adliya vazirligi. – T.: “Adolat”, 2007, 216 bet
4. Dilafruz Gofurova AYOLLAR TOMONIDAN SODIR ETILGAN JINOYATLARNING KRIMINALISTIK TAVSIFI // Scientific progress. 2021. №6. URL: https://cyberleninka.ru/article/n/ayollar-tomonidan-sodir-etilgan-jinoyatlarning-kriminalistik-tavsifi (дата обращения: 25.01.2023).URL:https://cyberleninka.ru/article/n/ayollar-tomonidan-sodir-etilgan-jinoyatlarning-kriminalistik-tavsifi/viewer
5. https://iiv.uz/news/hamkorlik-ayollar-jinoyatchiligi-va-uning-oldini-olish-masalalariga-qaratildi
6. Утемуратова С., Бегжанова Г. БОЛАЛАРНИ ТАРБИЯЛАШ ВА УЛАРГА ТАЪЛИМ БЕРИШ БОРАСИДАГИ ҚОНУН ҲУЖЖАТЛАРНИ БУЗГАНЛИК УЧУН ЖАВОБГАРЛИК //ВЕСТНИК КАРАКАЛПАКСКОГО ГОСУДАРСТВЕННОГО УНИВЕРСИТЕТА ИМЕНИ БЕРДАХА. – 2015. – Т. 26. – №. 1. – С. 108-111.